ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ

# ЖАС АУЛАДЛАРҒА

(БАЛАЛАР УШЫН ТАНГЛАМАЛЫ
ҚОСЫҚЛАР ТОПЛАМЫ)

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
Нокис—1951

www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫЛ БОЙЫНША

### *Январь*

Дослар оқып қарангыз,
Алдынгда тур календарь!
Бринщи болып басланар,
Жылдынг басы Январь.

Январьда харь жылы,
Бир жас қосып осемиз,
Осип харь жыл шиығып,
Жаудынг басын кесемиз.

Январьда жанга жыл,
Жанга жылды тойлаймыз.
Атрапында ёлканынг,
Шадлықпенен ойнаймыз!.

### *Февраль*

Январьдынг сонгынан,
Басланады февраль,
Жарпақ-жарпақ қар жауп,
Есер ызғырық шамал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Февральдынг ишинде,
Той қламыз тағыда,
Советтинг уллы қорғаны,
Дузилген куни Армия.

Коктинг жузин жайнатып,
Самолёт тынбай ушады,
Жердинг жузин жанглатып,
Табысқа-табыс қосады.

Путкил дунья жузинде,
Кушли бзинг Армия!
Армияда журип биз,
Аламыз жақсы тарбия.

## *Март*

Қарлар кетип, муз ерип,
Мартта баҳар басланар,
Қзып минет майданы,
Қысқы киим тасланар.

Бурқып ағып каналлар,
Суғарылар пахта жер,
Тракторлар тынбастан,
Жерге шгит егилер.

Сулу мектеп қасында,
Колхоз бағы гулленер,
Бағ ишинде сайрайды,
Ертели-кеш бул·биллер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қой қозылап, мал туйп,
Анасын емер боталар,
Қулыншақлар қулдырап,
Секирип ойнар ылақлар.

Кок жамылып кенг дала,
Жарасады омирге,
Сегизинши Март кунин,
Той қламыз биз бирге!

## *Апрель*

Апрельдинг айында,
Куп жарқырап, жер қзар,
Кеулли осип гиялар,
Кулимсиреп бой жазар.

Колхоздынг кенг жеринде,
Пахта нали когерер,
Кесте салып атызлар,
Ҳархилы болып турленер.

Қурғақ жерде кок жусан,
Маллар ушын болса от,
Амударья ишинде,
Жукти тасыр пароход.

Апрельдинг ишинде,
Сулу баҳар азаны,
Кун-куннен зейин ашылар,
Жутып таза ҳауаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *Май*

Жер жузине нур шашып,
Уллы майрам келди Май,
Езилген халққа ерик ал деп,
Жаҳанға кенгес берди Май.

Қтай халқын қуантып,
Пакистанды жайлады,
Харь қаланы сулулап,
Кошеге жалау байлады.
Азатлықтынг душпанын,
Уатанымнан айдады.

Аул менен қалада,
Майдынг тойын тойлаймыз,
Биз азатлық улымыз,
Мангиликке жайнаймыз!

## *Июнь*

Июньнынг ыссы кунинде,
Су кирди толып атызға,
Пахтанынг когин жамылып,
Қулпы донди атыз-да.

Кенарын қағып каналдынг,
Кобиклеп су ағады,
Ғарқылдасып ғаз-уйрек,
Масайрап қанат қағады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Маденияттынг бесиги,
Елимизге орнады,
Пионерлер лагерьде.
Тныш жатып дем алды.

## *Июль*

Гул шешектен нарь алып,
Харрелер пал шғарды:
Жетилген жас палапан,
Дурлеп ушып тынбайды.

Атызда пахта шақалап,
Ырғалып осип гулленди,
Пахтанынг толық шақасы,
Кок туйнекке боленди.

Псип барлық жемислер,
Шақадан узип алынды,
Минеттинг мол жемиси,
Коптинг мейрин қандырды.

## *Август*

Маржандай болып малынған,
Зураатты жинаймыз,
Минет кунин мол алып,
Шадлықпенен жайнаймыз.

Зая етпей грамын,
Ақ пахтаны теремиз,
Орынлап артық планды,
Мамлекетке беремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағлардынг мол жемиси,
Қаун, қарбыз палызда,
Барин жинап аламыз,
Қалдырмаймыз атызда.

### *Сентябрь*

Сентябрьдинг айында,
Пахта берер даламыз,
Кенг даладан коп етип,
Зураатты аламыз.

Зурааттынг тетигин,
Блип осер санамыз,
Мне мектеп ашылды,
Биз оқуға барамыз.

Оқы деди бизлерге,
Ленин—Сталин атамыз.
Уасиятын орынлап,
Халққа хызмет қламыз!.

### *Октябрь*

Тереклерден сылдырлап,
Тусер сары жапрақ,
Таярлаймыз сабақты,
Озь уақтында жақсылап.

Ҳамме уйде, мектепте,
Қысқа кордик таярлық.
Ҳатте таяр отын-да,
Ҳеш қандай жоқ кемтарлық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғуллан оқу ктабы,
Сумкамызда таяр тур.
Деймиз ҳамме пионер,
Блимменен алға журь!

## *Ноябрь*

Ноябрьдинг жетиси,
Уллы байрам, уллы той.
Кошелерде лық толған,
Қуанышлы адам ғой.

Кошелерде ҳарь жайда,
Қзыл байрақ желбирер.
Музыканынг намасы,
Адамға йош келтирер.

Кремльдинг кунинен,
Уллы уатан жайнап тур.
Бул азатлық байрамы,
Жер жузине шашқан нур.

Халқтынг қайғы зарларын,
Атамыз Ленин сап етти,
Халққа дана Сталин,
Лениннинг жолын уйретти.

## *Декабрь*

Декабрь суық қыс куни,
Жерде жатқан қалынг қар.
Дубелей даул бораған,
Ысқырып турған аяз бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай суық болса-да
Окудан биз қалмаймыз.
Қыйннан қорқып табжылып,
Жаман адет қылмаймыз.

Аяз баба атамыз,
Бизге таныс бурыннан.
Атрапында ойнаймыз,
Услап алып қолынан.

* * *

Жыл артынан жыл отер,
Омир қзық. Тоқ турмыс.
Жыл сайын осип жетилип,
Шад болып биз турыпбыз.

Откен сайын ҳарь бир жыл,
Бекиди халқ қуаты.
Он еки рет ҳарь жлы,
Кремльдинг куранты—
Урып жанглап сес берер,
Басланып бахыт сааты.

*1950-жлы, Май.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУЙИКЛИ УАТАН

Алпешлеп асырап,
Ақ сутлер бердинг,
Сутинг ғайрат берди.
Турмыс қаныма.
Манглайымнан сипап,
Тарбия берип,
Женгис туын—
Жолдас қылдынг жаныма.

Нақыраты:

Меҳрибан уатан,
Қаруым кушим,
Халқынг қорғауға,
Жинады кушин!

Биз уатан дегенде,
Жарқырар кунлер,
Жексен болар,
Жер жузинен душпанлар.
Сап тартсақ қозғалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жер менен аспан,
Сеспей қатар,
Бизге урыс ашқанлар.

Нақыраты:

Анамыз уатан,
Сенсенг меҳрибан!
Қуамыз жауды.
Қоймаймыз аман.
Сен болдынг—
Азатлық куннинг трери.
Сен менен нурланар,
Путкил жер жаҳан!,
Бауман халқынгнынг—
Қолында қурал,
Сен женгис иеси,
Суйикли уатан!.

Нақыраты:

Суйикли уатан!
Женгис саған ат.
Сени қорғауға,
Таяр куш—қуат!.

*1942-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЛЫ БАЙРАМЫМ!

Баҳарым ашылды,
Қыс кунлерим жаз,
Қуаныш қойнымда,
Етемен фаруаз.
Дуньяны жанглатты—
Женгисли ҳауаз.
Журекке йош берди,
Уллы байрамым!

Табысқа кен болды,
Туылған жерим.
Гумиске боленди,
Шалқыған колим.
Бриккен, туысқан.
Баурман елим!
Елге ерик берди,
Уллы байрамым!

Еркин минет—
Қушағында кенг майдан.
Алуан-алуан егис,
Жерлер қулпырған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизге мангги нурыӣ шашты,
Кенг заман.
Ҳалқты абат етти,
Уллы байрамым!

Биз бахытлы баллар,
Заман еркеси.
Уллы рус халқынынг,
Кши укеси.
Бизге ерик берген,
Совет улкеси.
Октябрьде туған,
Уллы байрамым!

*1950-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТЛЫ ЗАМАН

Жайнаған жаз куниндей,
Нурланып атқан заман.
Езилген халқларды,
Шадлантып қуантқан заман.
Жеринде шалғын егис,
Путкил даласы гулстан.
Миуасы жанға татлы,
Жемисли бағу бостан.
Турмысқа трек болған,
Топрағы дартке дауа,
Сулары гумис янглы,
Ҳасыл алтын таулары-да.
Душпанды ойран қылған,
Халқлары бар қаҳарман.
Хамь суйикли уатаны,
Азатлыққа болды макан.
Баурман халқлары,
Мангги жасайды мудам.
Басшысы халқты суйген,
Жер жузинде дана адам!

*1942 жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНСТИТУТҚА БАРАМАН!

Колхоздынг кенг даласы,
Кулпы донди кок пенен,
Жупар иис жағымлы,
Ҳазь еттим мен коппенен.

Ҳазь еткеним сол болды,
Таза ис алдық бул жазда,
Он жыллық мектеп орнаттық,
Усы быйл колхозға.

Ойткени колхоз кушейип,
Колхозшылар болды тоқ.
Ҳамме керек табылды,
Ҳешбир қандай кемис жоқ.

Блимге халқ умтылып,
Осирди сезим сананы.
Аштық мектеп қасынан,
Орнекли ктапхананы.

Колхозшылар истен сонг,
Ктап оқып, дем алар.
Радио сойлеп тур,
Берип турли хабарлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул мектепте оқый мен,
Орта блим аламан.
Мектебимди питкерип,
Институтқа бараман!

*1950 жыл, май.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАНЛЫ ХАРИПЛЕРМЕНЕН

Абат аграном,
Атызға барар.
Ақыллы испенен,
Зураат алар.
Бахыт баҳадыр,
Батырлық қлар,
Баурман елин,
Барҳама қорғар!
Валя уқыплы,
Врач қыз болар.
Гулзада бағман,
Гулленер бағлар.
Даулет-те оқын,
Докторлық қлар.
Еркин ержетип,
Ел ушын ислер.
Жуман жайнаған,
Жулдызды гозлер.
Бул уллы омирдинг,
Тарихын излер.
Зиуар зейинли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зураат ери.
Зор пахта берер,
Заводқа жери.
Ильяс Матрос,
Иркилмес ҳасла.
Ири толқыннан,
Илгери басла.
Иритки жауды,
Сен женшип тасла!
Клим командир,
Кушлери тасқан.
Кирсе уатанға,
Коргенсиз душпан,
Кокпенен жерде,
Қлар тас-талқан.
Латип лётчик ол,
Лалазар жери.
Лал болар жаулар
Мақтанар ели.
Миллион уллардынг,
Мир болар бри.
Меҳрибан журекли,
Минеттинг ери.
Ниетбай осип,
Наборщик болар,
Наубаҳар гулиндей,
Ҳарибин терер.
Неше мынг ктапты,
Халқына берер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отеген Мерген,
Оқ атар жауға,
Орнек корсетер,
Ортақ адамға.
Омир бахытын,
Жаяр жаҳанға!
Полат поезда,
Паровоз айдар.
Роза архитектор,
Саланы жайлар.
Сапар суретши,
Суретлер салар.
Сулу уатанды.
Саулатлы қлар.
Турсын кушли қыз,
Трактор айдар.
Табыстынг қойнында,
Толықсып ойнар,
Узақбай муғаллим,
Улгили жгит.

Фатима артистка,
Фаруаз етеди.
Қосық айтып,
Қысларын—
Жаз етеди.
Халмурат художник,
Халққа ис етер,
Куат қарулы,
Мақсетке жетер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чымберген батыр,
Чапаев янглы,
Саплайды жауды.
Цезарь инженер,
Тексерер тауды.
Эрик жазушы,
Эй ана—уатан.
Сенинг қойнынгда,
Жасаймыз аман!
Юрийди тудырған,
Қадирли адам!
Сталин даўринде,
Осемиз мудам!
Шныгул, Шамшет,
Шағлап шертер саз.
Шадлыққа боленип,
Халқ қосар ҳауаз!
Щорстай ерлерди,
Умытбас еллер.
Онынг батырлығы,
Олмес ертеклер.
Ғани халқтынг улы,
Ғамхоры уатан!
Ғалаба халқ,
Ғам қайғыдан қутылған.
Яков Свердлов атасын уллар,
Ядында сақлайды,
Ядлайды атын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бул ҳариплер менен келген атымыз
Уатанға қуатбыз ҳасыл затымыз,
Уатанның қойнында осемиз мудам!
Оқимыз шнығып боламыз адам!
Биз ырзамыз бул бахытлы омирге,
Мангги ис қламыз туысқан елге.
Данамыз Сталин баслайды бизди,
Созсиз орнатамыз Коммунизмди!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРЛЫҒАШ

Есигимниң алдында,
Турған еди бир ағаш.
Сол ағашқа қонды-да,
Сайрады сулу қарлығаш.

Келдим деген кепдей,
Баҳар менен аралас.
Ықлас пенен сайрап тур,
Дегендей боп хабарлас!

Тлине мен тусиниᴨ,
Шертегимнен бердим жай.
Берген жайым ҳақиқат,
Уясына болды оңғай.

Уясың салып болган соң,
Кеңнен қоныс услады.
Ауқатланып тойынып,
Майек туа баслады.

Маҳали жетип майектен,
Палапанын шығарды.
Минеттен тауп ырысқы,
Тойдырып ҳамь суғарды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир куни азан уақтында.
Шырпыры шғып қарлығаш,
Ҳамь палапан шуласты,
Болмаса-да қарны аш.

Қаймығып ушып, қиялап,
Баралмады уяға.
Шырқырап шулап палапан,
Бақырады уяда.

Не болды деп қарасақ,
Жиналған уйге ҳамме халқ.
Бир балени кордик-те,
Котерилдик бирге халқ.

Шертектеги қамысты,
Таса етип бойына,
Уяға қарай киятыр,
Жаманлық алып ойына.

Шғарып тлин, ысылдап,
Киятыр уулы сур жлан.
Палапанды шырлатып,
Сормақ ушын қзыл қан.

Тезликпенен барлық халқ,
Жланды жерге қулаттық
Таяқ урып тум-тустан,
Ессиз етип сулаттық.

Тек сулатып қоймастан,
Басын женшип таcладық.
Тауп алып ордасын,
Опат ете басладық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуанғаннан қарлығаш,
Халққа қарап сайрады.
Жер жузинде масайран,
Баллары менен ойнады.

Кенг дуньяда дауран сурь,
Достынг коп, озинг емес аш,
Саулатынг сулу қуссанг сен,
Сайра-сайра қарлығаш!

Егерде тыныш еллерге,
Тисе келип жеги жау.
Сур жландай женшемиз.
Қалмайды олар амансау.

*1950-жыл, май.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРА ҚОЗЫМ ҚОЛЫМДА

Кирди мне наубаҳар,
Қыстынг бузып қамалын.
Жердинг жузин жайнатып,
Кун корсетти жамалын.

Каналларда, жапларда,
Бурқып акты толқын су,
Колде жузип ойнады,
Газлар менен аппақ қу.

Колхозшылар кеулли,
Пахта жерин суғарды,
Кенг жерлерге шмырлап,
Наупир болып су барды.

Шағалалар шангкылдап,
Коктен жерди гозледи.
Кия серпип қанатын,
Жерден жемтик изледи.

Кундиз-туни тынбастан,
Тракторлар жер сурди.
(Мала басып болған сонг)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Универсал улгили,
Шгит сеуп улгерди.

Хамме жерде қзып ис,
Ғалаба иске қарады.
Кол менен сабат, қырларға,
Ориске маллар тарады.

Атам колхоз шопаны,
Қырға қойын айдады.
Кокке тойып—жусан жеп,
Қырды қойлар жайлады.

Бағу ушын бир қойды,
Алып қалдым атамнан.
Егиз туды ол қойым,
Жасырмадым адамнан.

Атам маған бул қойды,
Берген жоқ еди еншиге,.
Коптинг малын алмайман,
Жеккешилик еншиге.

Атам айтты кетерде,
Озимдей қара қойға Сен.
Колхоздынг малы кобейсин,
Деп журиппен кун- тунь мен,

Деген ата ақылын,
Алдым. Созин ақладым.
Оқудан сонг ол қойды,
Ықлас пенен сақладым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ықлас босқа кеткен жоқ,
Пайда берди бирталай,
Секирип-секирип ойнайды,
Сутке тойып қошантай.

Оқиман. Адам боламан,
Мен блимнинг жолында.
Қанигемен. Гуам бар:
Қара қозым қолымда.

*1950 жыл. апрель.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУЛУ

Жаздынг куни жайнаған,
Жарқыраған кун сулу.
Жпек жели жылжыған,
Алтын айлы тунь сулу.
Қулпы донген кокпенен,
Онимге бай жер сулу.
Ғангқылдасқан ғазлары,
Балығы мол кол сулу.
Толқыны тайдай тулаған,
Амуден шыққан пу сулу.
Дузилген жанга каналдан,
Толқынлап аққан су сулу.
Минеттен миуе ондирген,
Манглайдан аққан тер сулу,
Блимли, ақыл, куши бар,
Ҳарымас, талмас ер сулу.
Ғайратқа кушке жарасқан,
Қайтпайтуғын бел сулу.
Азатлықтынг бесиги,
Бахытлы бзинг ел сулу.
Женгислердинг нщаны,
Желбиреген ту сулу.

*1940-жлы.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МУРАТ

Толғатты апам туды сау,
Қуандырды досларды.
Қуаныш орнап кеулге,
Жаздай етти қысларды.
Копшилик болып жиналып,
Мурат қойдық биз атын.
Апасы жақсы кореди,
Дейди „барҳа қуатым!“
Ҳазир Мурат жетиде,
Ойнайды ҳамь куледи,
Қолында бар ктабы,
Мектепке қарай журеди.
Бул бахытлы даурде,
Шнығып Мурат оседи.
Геолог болып кен излеп,
Коп жумысты шешеди.

*1940 жлы,*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГУЛЗАДА

Жасына толды Гулзада,
Апыл-тапыл журеди.
Қолын жайып қуанып,
Талпынады, куледи.

Анасы Турсын муғаллим,
Жазушы Сапар акеси.
Жан апасы Жиенгул,
Гулзада онынг укеси.

Мақсет, Мурат, Полаттай,
Ағасы бар туысқан.
Мектептен қайтып келгенде,
Еркелетер тум-тустан.

Қайтқанында харь куни,
Оқытудан апасы.
Қушақлап қсып суйеди,
Миримнен балқып жотасы.

Харь куни истен қайтқанда,
Акесин корсе Гулзада.
Бойын таслап умтылып,
Масайрайды талпына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жузи ашық, зирек қыз,
Адамға ысық Гулзада.
Перзентим деп суйсин халқ,
Болсын бахтынг зияда.

Айналады ағасы,
Жанга шыққан тлингнен.
Осип уатан қойнында,
Аяма жанды елингнен.

*1950-жлы сентябрь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АТАСЫ МЕНЕН БАЛАСЫ [1]

*Баласы*—Қайнады кокрегимде,
Душпанларға қарсы бир кек.
Арзасын тынгла ата!
Алдынгда тур ер Батырбек.

Суйикли бул уатанды,
Душпан келгенде қамап,
Уатанымды қорғауға—
Шғайын. Турмайын қарап.

Кетбенимди қолға алынг?
Баланга болсын деп жолынг,
Уатанға ислеп исингди,
Ис устинде сиз ер болынг.

Тракторды тулпар етип,
Атызларда минсин Гулай,
Менинг еккен пахталарым,
Жиналсын бри қалмай.

Кетбенимнинг орнына,
Қолыма алайын қлыш,
Харамы жаузлардынг,
Мойнына салайын қлыш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Судай шашайын жау қанын,
Тайсалмастан гуресип мен,
Перзентлик уазипамды—
Атқарайын исенгил сен.

Атайы қанхорларды—
Мен етейин тарам-тарам,
Бул антты бежермесем,
Ана болсын сутинг ҳарам!

*Атасы*— Исендим атлан улым,
Жаудан тайсалма ҳаслан!
Батыр бол! Сонгғылықта—
Шаирлар жазсын дастан.

Снаулы уақыт келди,
Батыр туған сендей ерге,
Тулпар мин, Қлышты ал!
Тезден қосыл Буденниге!

---

[1] Бул косық „Лейтенант Елмуратов“ атлы пьесадан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ШАП ТУЛПАРЫМ ШАРШАМА

Шап тулпарым шаршама,
Москваны сағындым,
Сағынбайын неге мен,
Куш алған жери жанымнынг,
Шап тулпарым шаршама.
Москваны корейин,
Данышпан Ленин атама,
Журектен салем берейин.
Зияратлап Жамбулдай,
Алдында бас иейин,
Сталиннинг дауринде,
Бахытлы омир сурейин.

*1940-жлы.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЕРТ ҚАРЫНДАС МУЗЫКА!

Ғаулап оскен талантлар,
Онерге не ҳамме жас.
Музыкальный школда,
Оқыпатыр қарындас.
Окып блим уйренип,
Компазитор болады.
Искусство искери,
Халққа хызмет қлады.
„Нотамда бар женгис жры,
Тынгласын халқ қарасын!
Улги аламан ҳамь шертемен,
Чайковский намасын“.
Деп қарындас қуанады,
Қолына алып музыка,
Шерт қарындас! Ал блимди.
Биз боламыз сонда ырза!.

*1939-жлы.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНТ

Москва—
Осип—онип, туған жерим!
Москва—
Белди беккем буған жерим!
Москва—
Езилгенге нур берген кун!
Москва—
Шныктырған батыр ерин.
Москва—
Карақалпақ, Нокис, Арал,
Улынынг—перзентингнинг антын тынгла!
Сталин дана ата—командирим!
Манггиге сақланады нур—Москва!.

---

[1]) Бул қосық „Лейтенант Елмуратов" пьесасының Москваны қорғайтуғын картинасынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НУРЗАДА

Кун нурына боленип,
Кулимсиреп апасы.
Кокти кернеп кеуили,
Коринис берип жотасы—

Мейри қанып масайрап,
Шадланады сойлейди.
Доспа дарман ҳарь сози,
Сойлегенде бидейди:

Сталинлик заманда,
Ҳеш жоқ мениңг арьманым,
Жетилдирди ер етип,
Бул бахытлы даураным.

Жетим болып журмедим.
Кошеде нан тленип.
Еркинликте оқыдым,
Мол блимге боленип.

Қанигемен исиме,
Халққа хызмет қламан.
Минетте ер ҳарь уақыт,
Сауашта мен қаҳарман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйынлықты женгемен,
Бурында-да женггенмен.
Бир намыслы дослар коп,
Бир мақсетте бирге оскен.

Сонынг ушын суйемен,
Жер жузинде дослықты.
Қан ишкишти қуртамыз,
Халққа ойлаған қаслықты.

Ойткени дослық деген созь:
Бахытлы омир кенг заман,
Кенг заманнынг қойнында,
Барьҳа шадлы жасайман.

Анау откен заманда,
Жетим болса ата, анам.
Енди ҳеш жоқ жетимлик,
Сталин атам марданам!

Кешеги кунг емеспен,
Кул тасып, мал айдаған.
Ислерим улги омирге,
Блим менен ойлаған.

Сахраға гул когертип,
Каналдан су ҳағлаған.
Қазу ушын каналды,
Биз машина айдаған.

Минетти женгип шнығып,
Қос билекти ойнатқан.
Каналдынг еки бойында,
Электорды жайнатқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шолстанды қала етип,
Мектеп салдық лешше турь.
Сол мектепте миллионлап,
Бзинг баллар оқып журь.

Улымда коп, қзымда,
Ҳаммеси бир туысқан.
Мени ҳурмет етеди,
Еркелеп келип тум-тустан.

Жақында тағы қыз тудым,
Омирим менинг зияда.
Нур заманда туған сонг,
Атын қойдым НУРЗАДА,

Жетиледи НУРЗАДАМ,
Барҳа болып шадыман.
Нурзаман берген халққа —
Сталин данам бол аман!.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПЕРЗЕНТ

I

Аму бойын боледи нур,
Кун жарқырап, кулип қарап.
Ақ пахталар мсалы дурь,
Козди тартар жаудырап,

Жанға жайлы ескен шамал,
Зейинди ашқан тнық ҳауа.
Тришиликке бул ҳауа пал,
Турмыс ушын дартке дауа.

Аму ағып тайдай тулап,
Еркелейди жас баладай.
Уйрек, ғазлы Арал шулап,
Балықлары ойнар тыңбай.

— Жуаман мен бетингдеги,
Ыласланған қзыл қанды.
Птиремен инингдеги,
Темир тескен қан тангбангды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Украинаға сәлем жоллап,
Атландырды перзентлерин,
Тапсырманы Арал қоллап,
Жинап алды батыр ерин.

Аму суы сынгқ—сынгқ кулип,
Қушақлады суйип улын.
Ер мақсетин халқ блип,
Улларынынг қысты қолын.

II

Палымбет шәл тасып толды,
Перзентпенен хошласқанда,
Созине халқ ырза болды,
Шын журектен созь ашқанда.

Халққа қарап Палымбет шал,
Созь сойледи женгиске саз.
— Тынгла халқым қулағынг сал!
Дегенинде жанглады ҳауаз.

— Балалы уй базар деген,
Нақыл халқтынг аузында бар.
Перзентлерди журегинен,
Ҳарь ким сую ушын қумар.

Перзент журек инанышы,
Перзент ата мадаткары.
Перзент ана суйениши,
Перзент турмыс гул нишаны.

Перзент ғарры аталардынг,
Қуаты ҳамь корер кози.
Перзент туған аналардынг,
Мсалы дурь ширин сози.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перзент елдинг қаҳарманы,
Перзентли ел азбас-тозбас,
Перзент халқтынг суйер жаны.
Ҳасла бирлик қаддин бузбас.

Кенг тарихқа из қалдырдым,
Аямай бар хызметимди.
Алдынгызда атландырдым,
Мне екинши перзентимди.

— Шын перзентим, улым хош бол!
Жауз жаудан қайтпа ҳаслан.
Ағанг менен қос батыр бол,
Хамь шаирлар жазсын дастан.

Ал қолынга алмас қанжар,
Жау қанына бояп қайтқыл,
Булманда мен ҳамь ининг бар,
Ағанга ерлик салем айтқыл!.

Халқ хошласты перзентпенен,
Кушақласып қушақ ашып,
Қосылып ақ ниетпенен,
Амударья кетти тасып.

III

Арсыз уйқы ерден қашар,
Жарқыраса қолда қлыш.
Илгир козден нурлар шашар,
Қан тогиспе болса урыс.

Қуатланар, қаруланар,
Халқы дабыл қақса тегис.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хеш қорқытбас аққан қанлар,
Журекке орнап уллы женгис!

Күндиз куни, туннинг иши,
Ҳаммеси бир уатан ушын.
Халқ ушын қару куши,
Ҳамде жумсар ақыл ҳушын,

Тосаттан ис болғанда-да.
Ер перзентте тасар ғайрат.
Қиынлыққа қалғанда-да,
Сау шғарар қурыш қуат.

Тапсырманы барьжай етип,
Қайтты Сабыр Узақберген,
Киятқанда сайдан отип,
Оқ атылды жақын жерден.

Тунь пердесин жыртып таслап,
Жау жарақтан лаулады от.
Жердинг бетин жалын қаплап,
Шуйкилдеди атылған оқ.

Тунь ишинде қызды сауаш,
Танг қалғандай болды адам.
Қайнады кек, тик турды шаш,
Лаулады от тынбай мудам.

Жылдырымдай снарядлар,
Дал-дал етти жердинг бетин.
Оттай жанып гранатлар,
Тилди-сойды адам етин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаша алмады хешқайда-да,
Тоғайдағы журген ҳайуан.
От ишинде орден ыққа,
Жуырса-да тапсырды жан.

Кок гуркиреп турған янгяы,
Қалтыратты топлар жерди.
Судынг бети болып қан-қан,
Астан-гестен етти колди.

Жайды, уйди пыт-шыт қылды,
Қиратушы фугас бомба.
Адамлардынг басын жулды,
Геуделерин бояп қанға.

Дауслары тунги қустынг,
Шуйкилдеген алмасты оққа.
Бари жалын тумлы тустынг,
Ушып-қонып тусти отқа.

Атыз арық сай салалар,
Кобикленип толды қанға.
Шырлап қалды жас балалар.
Хошласа алмай ата-анаға.

Узақберген бир уақытта,
Ер инисин ертип алып.
Жузин бурып кенг бахытқа,
Жуырды алға қиқу салып

Буйрық берип Петров ер,
Баслап еди алға қарай.
Тазалансын туылған жер,
Деп жауларды қуды қоймай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Халқ ушын, уатан ушын!
Деген сеске жаңглады жер.
Жинағанда ерлер кушин,
Таяр болды қолда семсер.

Сабыр менен Узақберген,
Ауел баслап жуырды алға,
Ер перзентлер турып жерден,
Шапты туды алып қолға.

Атқан оққа қарамастан,
Опат қылды жау қорғанын.
Қанхорларды қозғалтбастан,
Сел-сел етип токти қанын.

Сабыр менен Узақберген,
Қаҳарманлық алды атақ.
Фронтларда ҳамме жерде,
Мақтанысты атын атақ.

Перзентлери Палымбеттинг,
Уатан улы қаҳарман ер.
Фашистлерден азат болып,
Гул жайнады туылған жер!

*1945-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИНДСТАННЫНГ ҚАНХОРЫ

(„Бомбей креникл" газетининг қабарында — Индстанннынг аскери трибунал княжествасы Хайдар абад, 11 жасар ДИНА ЛИНГАИЯ деген балаға 46 жылға кун кесип, тюрьмеге салған...)

Қара туман ишинде,
Канға толған Индстан.
Фашистлердинг қолында,
Харап болған Индстан.

Тау,
тоғайда,
саҳрада,
Қайғылы сеслер жанглаған.
Қорлық корген қалынг халқ,
Матам жрын жырлаған.

Дарьянынг,
Жаптынг бойында,
Ынгранысқан ата-ана,
Ишуге ауқат таба алмай,
Зар жлаған жас бала.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз жауанлар қан жутып.
Жол таба алмай абынған.
Киим-кеншек киеалмай,
Қара шашын жамылған.

Қалаларда,
    Кошеде,
Ериксиз халқ сабылған.
Империалистлер қолынан,
Халқтынг мойны шабылған.

Сонынг бри жас перзент,
Кишкентай ДИНА ЛИНГАЙЯ.
Коз жасын колдей ағызған.
Америка,
    Англия.

Уатанын сатқан-сатқыннынг,
Бреуи сенсенг.
    Сен Хайдар.
Сенде нешше миллионнынг,
Алатуғын кеги бар.

Онбир жасар балаға,
Крық алты жыл бердинг сен.
Қанхор жауз—
    фашисттинг,
Қушағына кирдинг сен.

Ойлап қара намыссыз,
Адамға баҳа бермеген.
Қулқынынга қан ишип,
Омирди козге илмеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамзаттынг душпаныи,
Империалистлер,
фашистлер,
Дунья жузи алдында,
Сизлер жауапкерсизлер.

Алдында басын қоямыз,
Азатлықтынг тобынынг—
Алды менен Черчилльдинг,
Уолл-стрит, Титонынг.

Азатлық тобы атады,
Фашисттинг қанлы ордасын.
Коммунизм байрағы,
Жер жузинде орнасын!

Индстаннынг қанхоры,
Азап бердинг Динаға.
Азабынг ушын кегимди,
Жаяман путкил дуньяға.

Саған соққы берилмек,
Езилген жаҳан халқынан.
(Менде налет айтаман!)
Қарақалпақ халқынынг.
Қаҳарманлық атынан.

Азатлық тобы атады,
Қанхорлардынг ордасын!
Коммунизм байрағы.
Жер жузине орнасын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕЛУ ЕКИ МЫНГ

Корип қуйқам жулады,
Қайнаған намыс кегинен.
Болғаннан сонг инсанның,
Ақ журекли кегинен.

Елу еки мынг адам,
Апарылған жраға.
Гуелленген қозыдай,
Ишинде бар бала-да.

Намысқа тиип азаплап,
Буғау салған мойнына.
Ериксиз елди енгретип,
Канлар қуйған қойнына.

Қойға шапқан қасқырдай,
Миримсиз жауз топылған.
Елу еки мынг адам,
Шабылған ҳамь атылған.

Масқаралап халқты,
Гунасызға ат таққан.
Барлыгын уйип жыраға,
Бензин қуйып от жаққан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасыл тутин кок шолыи,
Жрада от лаулаған.
Ынгранған бала сесинен,
Тау, тоғайлар жанглаған.

Кордим усы жраны,
Кордим дослар геудесин.
Козимнен моншақ жас токтим,
Корип бунынг ҳаммесин.

Омирдинг душпанларынынг,
Мойнына буғау тағылсын!
Буларды жаққан фашистлер,
Фашистлер қалмай жағылсын!

Масайрамасын залымлар,
Фашистти сақлап қойнында,
Ойнамасын биз бенен,
Америка, Англия.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЙНАҒАН ЖАҚТЫ БУЛ ДУНЬЯ

Макартурдынг қолында,
Шырқырайды жас бала.
Заҳарли темир тырнағы,
Омирге қарсы қан дала.

Жас баладан қан тогип,
Қолын кесип алған ол.
Козин ойып уягирейтип,
Балаға ойран салған ол.

Айтшы дослар туысқан,
Наресте де не гуна,
Нарестени суйеди,
Жайнаған жақты бул дунья.

Нарестенинг ҳаттеки,
Ағып тур қаны блектен,
Ози табан астында,
Қан қуйылған журектен.

Егерде жыртқыш қутырған,
Бундай қылмас ҳеш ҳайуан.
Ҳайуаннан-да жаман ол,
Қуртайық жақты дуньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қозғалынг дослар ғалаба,
Алға қарай атланынг,
Тез кунде толық саплайық.
Жас баллардынг душпанын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Бети

1. Жыл бойынша . . . . . . . . . . . . . . . . 3
2. Суйикли Уатан! . . . . . . . . . . . . . . . 11
3. Уллы байрамым! . . . . . . . . . . . . . . 13
4. Бахытлы заман . . . . . . . . . . . . . . . 15
5. Институтқа бараман . . . . . . . . . . . . 16
6. Жанлы ҳариплер менен . . . . . . . . . . 18
7. Карлығаш . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
8. Қара қозым қолымда . . . . . . . . . . . . 26
19. Сулу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
10. Мурат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
11. Гулзада . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
12. Атасы менен баласы . . . . . . . . . . . 33
13. Шап тулпарым шаршама! . . . . . . . . . 35
14. Шерт карындас музыка! . . . . . . . . . 36
15. Ант . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
16. Нурзада . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
17. Перзент . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
18. Индстаннынг қанхоры . . . . . . . . . . 47
19. Елу еки мынг . . . . . . . . . . . . . . . 50
20. Жайнаған жақты бул дунья! . . . . . . . 52


www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы Т. Сейтмамутов.
Техредакторы С. Бекназаров.
Корректоры С. Нураев.

РК 15530 ККМБ. Басуға рухсат етилди 12/I—51 ж.
Заказ № 77/5. Қағаз форматы 84x108/$_{32}$. Көлеми 1,75
баспа табақ. Уч. из. баспа табағы 2 Тиражы 3000.
Бахасы 1 м.

ККАССР Министрлер Совети жанындағы
Полиграфиздаттынг Нокис Полиграфкомбинаты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На Каракалпакском языке*

Ж. АЙМУРЗАЕВ

# МОЛОДЫМ ПОКОЛЕНИЯМ

(СБОРНИК ИЗБРАННЫХ СТИХОВ ДЛЯ ДЕТЕЙ)

Каракалпакское Государственное Издательство
Нукус—1951

www.ziyouz.com kutubxonasi